

Edikasyon, Ekonomi, Lasante: twa poto mitan pou yon pi bèl Ayiti

Samuel Pierre

Gwoup refleksyon ak aksyon pou yon Ayiti tou nèf la (GRAHN), ki te fèt nan dat 20 janvye 2010 la, fenk genyen twa ane depi li ekziste. Objektif li? Travay pou gen yon Ayiti tou nèf, yon pi bèl Ayiti. Kouman? Apati refleksyon ak aksyon ki rantrè imedyatman nan yon dinamik transfòmasyon sosyal; apati yon vizyon nou ap pataje avèk pi plis moun posib; apati entèkansyon dirab; apati lide ki ap transfòm aksyon sitwayen yo. Konsa, nou ap pran distans nou parapò ak aksyon sou fòm militans, pou nou konsantre nou sou aksyon ki kab gen plis efè pozitif sou sosyete a, kote ki va gen yon diferans nan devlopman sityasyon yo, yon fason pou mete peyi a sou yon bon wout. Nou di kareman, nou bezwen aksyon konstrikatif. Sou ki baz estratejik pou demare pwojè pou yon Ayiti tou nèf epi ki ap bon pou nou tout?

DEVLOPMAN MOUN

Lè yo ap pale sou Ayiti nan dokiman entènasyonal yo ak nan laprès, se souvan pou yo di kareman, san ezitasyon, Ayiti se yonn nan peyi ki pi pòv sou planèt la. Si yo genyen opinyon sa a sou peyi a, se, san dout, akòz pèfòmans ekonomik li, yo mezire an fonksyon revni nasyonal brit (RNB) peyi a oubyen akòz pwodui enteryè brit li (PIB) pou chak moun nan peyi a. Se sèten gen anpil diskisyon ki kab fèt, lè yo sèvi ak kalite kritè sa yo kòm endikasyon pou klase yon peyi. Se sèten, devlopman ekonomik lan se yon endikatè pou mezire avansman nasyon yo ak byennèt pèp sou latè yo, men vizibman, se pa sèl fason ki genyen pou jije pwogrès ekonomik nasyon yo. Pou *Amartya Kumar Jen*, pwofesè nan Havard University, Ozetazini epi ki genyen Pri Nobèl nan ekonomi nan ane 1998, devlopman an se plis yon pwosesis elajisman chwa moun yo, pase yon senp ogmantasyon revni nasyonal yon peyi. Se pwosesis

ekspansyon divès fòm libète. Pou *Amartya Kumar Jen* pwo-poze konsèp *devlopman moun*, yon konsèp ki pi laj, pou mezire nivo devlopman sosyete yo. Daprè prensip devlopman moun lan, ki an opozisyon ak nosyon devlopman ekonomik lan, byennèt moun pa kab chita senpman sou ekonomi ak lajan ki rantrè nan pòch yo. Sa ta dwe genyen ladan *byennèt* jouk rive nan *bonè* endividyèl ak kolektif

Devlopman moun chita sou yon postila ki afime se moun yo ki vrè richès yon nasyon. Daprè yon ekonomis pakistanè, *Mahbub ul Haq (1934-1998)* [1], «Prensipal objektif devlopman an se bay moun yo plis chwa. An prensip, chwa sa yo kab san limit epi yo kab chanje amezi ane yo ap chanje. Souvan moun bay reyisit, ki pa an rapò imedyatman ak lajan yo touche, kwasans ekonomik yo, anpil valè. Pou yo, lesansyèl se kab: meyè fason pou yo genyen pi plis konesans, meyè fason pou yo manje pi byen, pi bon sèvis lasante, mwayen pou yo viv ki asire, sekirite kont krim ak vyolans fizik, meyè fason pou yo byen jere tan lib yo, libète politik ak kiltirèl epi pou yo santi yo ap patisipe nan aktivite kominote kote yo ap viv la. Objektif devlopman an se kreye yon anviwonman ki fasilite devlopman moun yo yon fason pou yo viv lontan, an bon sante ak anpil kreyativite». Daprè pwofesè *Amartya Kumar Sen* devlopman moun chita sou lide fondamantal prensip devlopman an, ki se fè richès lavi moun pwogrese olye se richès ekonomik moun yo genyen an ki vin esansyèl.

PLAS AYITI NAN ECHÈL DEVLOPMAN MOUN

Mahbub ul Haq ak *Amartya Kumar Sen* kreye Rapò mondyal sou devlopman moun. Pandan yo konsyan devlopman moun se yon nosyon ki ap evolye, de [2] ekonomis sa yo ensiste sou lide pou objektif devlopman an rete louvri pou diskisyon,

ki kab pèmèt moun yo ak divès gwoup transfòmè etap aplikasyon objektif sa yo ak evolisyon yo

Devlopman moun chita sou kat ideyal esansyèl:

1. Viv lontan epi an sante;
2. Rive jwenn lakonesans nan divès dimansyon li yo;
3. Genyen resous materyèl an kantite sifizan pou yon lavi miyò;
4. Patisipe an tout libète nan lavi piblik ak kominotè.

Pou yo ka mezire jouk nan ki pwen yon moun rive viv ideyal sa yo, *Mahub ul Haq* ak *Amartya Kumar Sen* mete ansanm ak Pwogram Nasyonzini pou devlopman (PNUD) rive nan ane 1990, yo pwopoze yon Endis pou Devlopman Moun, ki kab sèvi pou evalye nivo devlopman moun nan tout peyi sou latè. Endis Devlopman Moun, se yon estatistik konpozit, li pa gen dimansyon. Li konbine twa gwo kritè: premye a, se kantite tan yon moun ka viv apre li fin fèt. Sa fè referans ak swen sante yo epi kondisyon lavi an jeneral. Dezyèm lan, se nivo edikasyon an. Sa fè referans dirèkteman ak aksesibilite epi kalite sistèm edikasyon an. Twazyèm lan, se nivo lavi a, ki koresponn ak fòs ekonomi ansanm ak kalite travay li [ekonomi an] pwodui pou tout moun nan popilasyon an. Endis sa a kab genyen valè ki soti nan 0 (pou pa bon ditou) pou rive nan 1 (pou ekselan). Li enpòtan pou nou mansyone, devlopman moun lan se yon konsèp ki ale pi lwen pase sa Endis Devlopman Moun lan dekri a, ki se yon senp endikatè. An reyalye, yo te kreye Endis Devlopman Moun lan pou yo evalye faktè, oparavan, yo te kab mezire, san presizyon, sèlman avèk endikatè Pwodui Enteryè Brit la pou chak moun nan yon peyi. Pwodui Enteryè Brit la te senpman bay enfòmasyon sou byennèt chak moun, oubyen sou byennèt tout moun. Men se aspè ekonomik lan sèlman li te mezire.

Pami 187 peyi ki nan klasman Endis Devlopman Moun lan pou ane 2011 la [2], Ayiti klase an 158^{èm} pozisyon pami peyi ki genyen yon devlopman moun ki fèb. Kòm konparezon, nou kab pran Repiblik Dominikèn ki nan 98^{èm} pozisyon nan kategori peyi ki gen yon devlopman moun nan nivo mwayen; Jamayik ki nan 79^{èm} pozisyon epi Kiba ki nan 51^{èm} pozisyon. De [2] peyi sa yo [Jamayik ak Kiba] nan kategori peyi ki genyen devlopman moun ki wo. Nou genyen Kanada ki an 6^{èm} pozisyon pou devlopman moun epi Etazini ki an 4^{èm} pozisyon pami peyi ki gen devlopman moun ki pi wo yo.

KOUMAN POU NOU AMILYORE NÒT AYITI?

Pou kalkile Endis Devlopman Moun lan, Pwogram Nasyonzini pou Devlopman an baze li sou mwayèn twa endis kantifyab, ki se: 1) *lasante* oubyen *longè lavi yon moun*, yo mezire li apati kantite tan yon moun ka viv apre li fin fèt. Sa pral pèmèt espasyalis yo konsidere satisfaksyon pou bezwen materyèl esansyèl yo tankou: rive jwenn swen medikal, manje nouriti

ki bon pou kò, bon ijyèn, bon dlo pou moun yo bwè, epi bon kay pou moun yo rete. 2) *Lakonesans* oubyen *nivo edikasyon*, yo kab mezire sa apati kantite tan an mwayèn granmoun ki gen 25 an yo pase lekòl, kantite tan timoun ki genyen laj pou yo ale lekòl pase sou ban lekòl. Se sa ki demontre satisfaksyon bezwen ki pa materyèl, tankou abilite pou pran desizyon nan milye travay ak nan sosyete a. 3) *Nivo lavi*, yo kab mezire li apati revni brit pou chak moun an fonksyon pouvwa moun yo genyen pou yo achte. Sa va pèmèt yo ranmase eleman nan kalite lavi a, ki pa parèt nan de [2] premye endis yo, ki se mobilite epi rive jwenn lakilti.

Apati konsiderasyon sa yo, GRAHN pwopoze pou li fè twa gwo chantye peryodikman, san rete, avèk animasyon ladan yo. Tèm sa yo se twa poto mitan pou yon meye Ayiti. Genyen chantye edikasyon an ki oryante sou ogmantasyon *konesans* oubyen nivo edikasyon popilasyon an. Genyen chantye *lasante* ki oryante sou kantite tan yon moun ka viv apati moman li fin fèt. Genyen tou chantye ekonomi ki konbine ak kreyasyon travay. Yomenm, yo oryante sou ogmantasyon kantite anplwa ki kreye peryodikman ansanm ak revni brit pou chak moun an fonksyon pouvwa acha yo. Se nan sans sa a nou deja mete sou pye *Haïti-Éduc*. Premye vèsyon an, *Haïti-Éduc'2012*, te fèt Ayiti nan mwa mas 2012. Soti 1^{er} oktòb rive 6 oktòb 2012, te genyen *Haïti-Santé'2012*. Evennman an te pase Ayiti. Se te premye nan yon seri rankont sou sante piblik nan peyi a. Aktivite sa a te òganize nan tèt ansanm ant Lakwawouj Ayiti, Lakwawouj Kanada epi Ministè sante piblik ak popilasyon ki an Ayiti. Kou nou ye la, nou ap planifye *Haïti-Économie'2013*, ki se premye vèsyon yon evennman ki ap genyen ladan semine fòmasyon ansanm ak konferans sou diferan aspè ekonomi Ayiti a. Se sèten, tout aktivite sa yo pral fèt avèk atansyon nou an pèmanans sou yon bon gouvènans epi efikasite nan tout nivo Leta ansanm ak nan tout sektè administrasyon piblik la.

Twa evennman sa yo sanble sou pwen sa yo: yon vize pwomosyon ak estriktirasyon espas pou tout moun vin debat lide yo, yo vize tou pwomosyon ak estriktirasyon yon espas konsiltasyon ant twa gwo aktè lavi nasyonal la: Leta ayisyen, òganizasyon non gouvènemantal yo (ONG) ak sosyete sivil la. Lòt pwen ki rann evennman sa yo sanblab se paske yo ap fèt plizyè fwa, prensipalman chak de [2] ane anndan peyi a. Yo fasilite antant pou rezolisyon pwoblèm, ajisman nan tèt ansanm, epi suivi ansanm ak evalyasyon aksyon sa yo sou yon mòd patisipasyon. An brèf, twa evennman sa yo, se yon seri espas rankont pou pale sou afè peyi a, ak lide pou tout moun travay ansanm, yon fason metodik epi nan bon antant, yon fason pou leve defi ki bloke amilyorasyon kondisyon lavi nan peyi a. Èske se pa konsa pou nou prepare lespri ak kè tout moun nan direksyon dyalòg nasyonal ki inevitab pou nou rive kreye yon pwojè nasyonal? Èske se pa yon avangou pou sentèz divès refleksyon ak pwojè sosyete pou nou kreye, ak tèt frèt, yon plan nasyonal pou devlopman peyi a dapre yon ►

bèl konsansis sosyal ki kab eklere aksyon politik nan peyi a gouvènman apre gouvènman, nan yon bèl pwosesis pou mete peyi a sou ray? Se yon pwosesis ki kab pran de (2), twa, kat, jouk rive senk deseni, epi menm kantite tan an sou yon baz jenerasyonèl. ■

BIBLIYOGRAFI

- 1. Richard Jolly, Louis Emmerij and Thomas G. Weiss, "UN Intellectual History Project", Briefing Note Number 8, July 2009.
- 2. [En ligne] <http://hdr.undp.org/fr/statistiques/>, consulté le 23 décembre 2012.

Abònman kòm sipòtè

Menm lè GRAHN pèmèt nou genyen yon abònman *Haïti Perspectives* gratis apati vèsyon elektwonik revyi a ki sou entènèt, nou kab toujou pran yon abònman vèsyon enprime revyi a kòm sipòtè. Abònman kòm sipòtè a va pèmèt nou kouvri depans ki fèt pou mete sou papye yon vèsyon jounal la ki ap trè bèl epi ki ap pote anpil plezi pou nou. Nou ap di nou mèsè dèske nou ranpli fòmilè ki pi ba a. Nou va tou pwofite presize ki kalite abònman nou vle. Voye fòmilè a ak yon chèk sou non GRAHN-Monde nan adrès sa a: Sécrétariat GRAHN-Monde

1683, Lucerne
Laval, Québec
H7M 2E8
Canada

Abònman ou vle a : 1 an (4 nimewo) 200 \$ 2 ans (8 nimewo) 360 \$

Fi Gason

Siyati ou : _____ Prenon ou (yo) : _____

Adrès [no sivik, ri a, apatman.] : _____

Vil : _____ Pwovens : _____

Peyi : _____ Kòd postal : _____

Adrès elektwonik : _____

